

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Kacindekan dina ieu panalungtikan didadarkeun saperti di handap.

- 1) Kamampuh ngawih Sunda siswa kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2019/2020 saméméh maké métode tilu léngkah dianggap can mampuh ku sabab can nyumponan kritéria peunteun $KKM \leq 65$. Siswa dianggap can mampuh ku sabab acan ngahontal kritéria kawih anu hadé nyaéta niténan éksprési jeung téhnik vokal. Kamampuh siswa dina ngawih Sunda dianggap can mampuh ku sabab masih loba siswa anu ngawih henteu maké (*penghayatan*) anu merenah jeung saluyu jeung kawih anu dipidangkeun. Siswa masih kénéh teu maliré kana pasemon, éksprési beungeut henteu nuduhkeun kaayaan dina éta kawih, sarta eusi kawih téh teu bisa nepi kanu ngaregepkeun ku sabab ayana kateusaluyuan antara kaayaan jeung éksprési pameunteu anu dipidangkeun. Sora vokal a, i, u, e, o anu dikaluarkeun teu jelas anu ngabalukarkeun teu jelasna sora, wirahma anu dihaleuangkeun teu saluyu jeung aturan, jeung réa siswa anu ngawihna asal-asalan, padu ngahaleuang, teu maliré kana surupan.

- 2) Kamampuh ngawih Sunda siswa kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2019/2020 sanggeus maké métode tilu léngkah bisa disebut mampuh ku sabab geus nyumponan kritéria peunteun $KKM \geq 65$ jeung kritéria ngawih Sunda nu hadé nyaéta niténan éksprési jeung téhnik vokal. Siswa dianggap mampuh téh ku sabab geus bisa ngawasa kana émosi nu nyangkaruk dina kawih sarta bisa nepikeun eusi kawih kanu ngaregepkeun. Éksprési dina pasemon siswa téh geus alus, luyu jeung kaayaan anu aya dina kawih, kawih sedih antukna siswa gé milu ngarasakeun kasedih anu nyangkaruk dina éta kawih, sabalikna dina kawih anu pikabungaheun siswa geus maham kana eusi kawih tur némbongkeun pasemon anu marahmay pikabungaheun. Satuluyana dina ngawih téh siswa geus béntés dina ngucapkeun a, i, u, é, o sarta siswa ogé geus wani ngaluarkeun sora anu jelas. Siswa geus bisa ngahaleuangkeun kawih saluyu jeung aturan nada jeung surupan anu bener.

- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh ngawih Sunda siswa kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2019/2020 saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah. Dumasar kana aspék-aspékna nya éta, kamampuh ngawih Sunda anu patalina jeung aspék émosi (*penghayatan lagu*) saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah kagolong ngaronjat, nu asalna kurang jadi hadé, kamampuh ngawih Sunda anu patalina jeung aspék pasemon (*mimik muka*) saméméh jeung sanggeus make métode tilu léngkah kagolong ngaronjat, nu asalna kurang jadi hadé, kamampuh ngawih Sunda anu patalina jeung aspék artikulasi saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah kagolong ngaronjat, nu asalna kurang jadi hadé, jeung kamampuh ngawih Sunda anu patalina jeung aspék wirahma saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah kagolong ngaronjat, nu asalna kurang jadi hadé.

5.2 Implikasi

Sanggeus dilarapkeun métode tilu léngkah, aya sababaraha pangaruh positif anu kapaluruh dina ieu panalungtikan, nya éta :

- 1) Métode tilu léngkah dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngawih Sunda. Larapna métode tilu léngkah némbongkeun sawangan anu positif ti guru jeung siswa kusabab léngkahna anu basajan tapi bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngawih Sunda. Siswa bisa gancang maham eusi rumpaka kawih, bisa gancang apal kana wirahma kawih, jeung siswa bisa wani ngahaleuangkeun kawih kalayan make éksprési jeung téhnik vokal.
- 2) Métode tilu léngkah miboga poténsi pikeun numuwuhkeun kaparigelan siswa dina ngawih Sunda sarta ngirut siswa dina mikanyaah seni sora di tatar Sunda. Métode tilu léngkah éféktif dipaké nalika pangajaran ngawih kusabab prak-prakanana kelompok, jadi siswa teu asa-asa dina ngahaleuangkeun kawih jeung bisa silih béjaan lamun hiji waktu aya kasalahan dina lumangsungna prakték ngawih di kelas.
- 3) Métode tilu léngkah henteu ngan saukur bisa dilarapkeun kana hiji kawih, minangka conto dina ieu panalungtikan nya éta kawih “Cinta Nusa”, tapi bisa dilarapkeun ka unggal kawih Sunda pikeun tujuan kahontalna pangajaran.

5.3 Rékoméndasi

Ari Syahrul Budiansyah, 2020

MÉTODE TILU LÉNGKAH DINA PANGAJARAN KAWIH SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | reposiory.upi.edu | perpustakaan.up.edu

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan kamampuh ngawih Sunda maké métode tilu léngkah, aya sababaraha rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna sangkan leuwih hadé nya éta:

- 1) Métode tilu léngkah bisa ngaronjatkeun kamampuh ngawih Sunda, ku kituna métode tilu léngkah bisa dijadikeun salah sahiji alternatif dina pangajaran ngawih Sunda.
- 2) Métode tilu léngkah mangrupa métode anu prak-prakanana dilakukeun di kelas sacara kelompok, ku kituna dina ngalarapkeun ieu métode téh kudu dikondisikeun siswana sangkan fokus tur gemet dina ngalakonan proses diajar.
- 3) Métode tilu léngkah mangrupa métode anu dilakukeun ku tilu léngkah basajan dina prakték pangajaran. Ieu tilu léngkah téh kudu dilakonan kabéhanana sangkan tujuan tina pangajaran bisa kahontal, kusabab lamun siswa malaweung dina hiji atawa dua léngkah, hasilna moal maksimal.
- 4) Métode tilu léngkah maké média pangajaran anu diantarana nya éta *proyéktor* pikeun midangkeun téks bacaan dina galindeng maca, sarta CD (*compact disc*) atawa MP3 dina prosés galindeng nutur jeung galindeng bisa. Ku kituna ieu média kudu ditataharkeun pikeun lumangsung larapna média.
- 5) Dina larapna métode tilu léngkah dina pangajaran kawih Sunda, kudu aya tarékah sangkan siswa bisa remen ngahaleuangkeun deui kawih anu geus ditepikeun. Ku sabab sok sanajan métode ieu geus dilarapkeun, siswa téh apal kana kawihna téh saheulaanan teu manjang.
- 6) Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan métode tilu léngkah dina pangajaran kawih Sunda di SMP make métode kuasi ékspérimén, kudu aya deui panalungtikan séjén ngeunaan métode tilu léngkah liana sangkan leuwih jembar.